दिन–सोमवार दिनांक–24.06.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

अठारहम लोकसभाक पहिल सत्र आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। नव निर्वाचित सांसद लोकनि के सदनक सदस्य के रूप मे शपथ दियाओल गेल। प्रोटेम स्पीकर भर्तृहरि महताब सभ सँ पहिने लोकसभाक नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के सदनक सदस्य के रूप मे शपथ दियौलनि। एकर बाद लोकसभा अध्यक्ष के चुनाव धरि सदनक कार्यवाहि चलेबा मे श्री महताबक मददि के लेल नियुक्त अध्यक्ष के चेयरमैन पैनल के शपथ दियाओल गेल। भाजपा सांसद राधामोहन सिंह आ फग्गन सिंह कुलस्ते चेयरपर्सन पैनल सदस्यक रूप मे शपथ लेलनि। जखनकि, कांग्रेस सांसद के. सुरेश, डीएमके सांसद टी. आर. बालू आ टीएमसी के सुदीप बंदोपाध्याय पैनल के सदस्यक रूप मे शपथ नहि लेलनि। एकर बाद केन्द्री मंत्री अमित शाह, राजनाथ सिंह, शिवराज सिंह चौहान, नितिन गडकरी, मनोहर लाल खट्टर, पीयूष गोयल, जीतनराम मांझी, राजीव रंजन ऊर्फ ललन सिंह, किरेन रिजिजू, चिराग पासवान आ आनो लोकसभा सदस्य के रूप मे शपथ ग्रहण कयलनि।

---

नव निर्वाचित सांसद लोकनि के अपन–अपन राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेश सभक नामक क्रमानुसार शपथ दियाओल जा रहल अछि। बिहारक चालीस सांसद मे सँ बेसीतर सांसद आई शपथ ग्रहण कऽ लेलनि अछि। दरभंगा सँ नव निर्वाचित सांसद गोपालजी ठाकुर मैथिली मे शपथ लेलनि। शपथ ग्रहण के प्रक्रिया काल्हि धरि चलत। जखनकि, बुध दिन लोकसभा अध्यक्ष के चुनाव होयत। वृहस्पति दिन राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू संसदक दुनू सदनक संयुक्त बैसक के संबोधित करतीह। संसदक वर्तमान सत्र तीन जुलाई धरि चलत।

---

रूपौली विधानसभा उपचुनावक लेल आइ नामांकन पत्रक जांच कयल गेल। उपचुनावक लेल कुल तेरह उम्मीदवार लोकनि पर्चा दाखिल कयने छलाह। प्रत्याशी छब्बीस जून धरि अपन नाम आपस लऽ सकैत छथि। मतदान दस जुलाई के होयत आ मतगणना

तेरह जुलाई के कयल जायत। नामांकन भरऽबला मे राजद सँ बीमा भारती, जदयू सँ कलाधर प्रसाद मंडल आ निर्दलीय शंकर सिंह प्रमुख छथि।

———————————————————————————

राष्ट्रीय पात्रता –सह प्रवेश परीक्षा नीट यूजी के पेपर लीक मामिला मे केन्द्रीय जाँच ब्यूरो सीबीआई पहिल प्राथमिकी दर्ज करबाक संगहि तेजी सँ जांच शुरू कऽ देलक अछि। जनतबक अनुसार मामिलाक जाँचक लेल ब्यूरो के विशेष टीम आइ पटना पहुँचल अछि। टीमक सदस्य आर्थिक अरापध इकाई के टीमक संग समन्वय बना कऽ पेपर लीक मामिला सँ जुड़ल हरेक बिंदु पर जाँच कऽ रहल अछि। सीबीआई के एक आन टीम गुजरात के गोधरा सेहो गेल अछि। सीबीआई के प्राथमिकी मे कहल गेल अछि जे एहि परीक्षा के आयोजनक दरमियान किछु राज्य मे भिन्न–भिन्न घटना भेल अछि।

———————————————————————————

नीट पेपर लीक मामिला मे राजनीतिक बयानवाजी के दौर जारी अछि। राजदक राष्ट्रीय प्रवक्ता आ राजसभा सांसद मनोज झा नीट परीक्षा मे धांधली के लेल एनटीए के जिमेम्मदार जनौलनि अछि। ओ कहलनि जे नीट परीक्षा निरस्त हेबाक चाही आ परीक्षा के पुरान व्यवस्था के पुनः बहाल कयल जयबाक चाही। एम्हर लोजपा रामविलासक प्रमुख आ लोकसभा सांसद चिराग पासवान कहलनि जे सरकार गंभीरता सँ पूरा जांच प्रक्रिया के निगरानी कऽ रहल अछि आ छात्रहित मे शीघ्रहिं निर्णय लेल जायत। ओतहि जदयूक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा कहलनि जे एहि मामिलाक अरोपी सभक तार तेजस्वी परिवार सँ जुड़ि रहल अछि। ई सभक समक्ष आबि चुकल अछि। ओ कहलनि जे जांच मे जे कियो दोषी पाओल जयताह हुनका छोड़ल नहि जायत।

———————————————————————————

राज्यक छब्बीस हजार पुलिस अधिकारी लोकनि के तीन नव कानून के लऽकऽ प्रशिक्षण देल गेल। बिहार पुलिस अकादमी के निदेशक भृगू श्रीनिवान आइ पटना मे एक कार्यशाला के संबोधित करैत ई जनतब देलनि ओ कहलनि जे प्रशिक्षण दरमियान पुलिसकर्मी लोकनि के नव कानून सँ संबंधित विभिन्न प्रश्न सभक उत्तर देल गेल अछि।

———————————————————————————

राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर कहलनि अछि जे व्यावसायिक शिक्षा के प्रोत्साहन दऽकऽ रोजगारक अवसर विकसित कयल जयबाक चाही। श्री आर्लेकर आइ मुजफ्फपुर के

ललित नारायाण मिश्र कॉलेज ऑफ विजनेस मैनेजमेन्ट के स्थापना दिवस सामारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह। श्री आर्लेकर कहलनि जे शिक्षा व्यावहारिक आ मूल्यपरक हेबाक चाहि।

———————————————————————————

राज्य मे मॉनसूनक सक्रियता बढ़ि रहल अछि। काल्हि धरि रक्सौल आ लऽग–पासक क्षेत्र सभ मे रूका मॉनसूनी सिस्टम उत्तर बिहारक बेसी भाग सभक संगहि, दक्षिण–पूर्व भाग मे सेहो आगां बढ़ि रहल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक अंतर्गत मधुबनी, सीतामढ़ी, मुजफ्फरपुर, पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण, सुपौल, अररिया आ किशंनगंज जिलाक किछु स्थान पर भारी वर्षा हेबाक संभावना अछि। एहि दरमियान कतेको ठाम गर्जना के संग ठनका खसबाक आशंका के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। विभाग कहलक अछि जे काल्हि के बाद राज्यक बेसीतर जिला मे मॉनसूनी वर्षा क परिस्थिति बनत।

———————————————————————————

अररिया जिलाक फारबिस गंज थाना क्षेत्र मे पुलिस छापामारी कऽ विभिन्न आपराधिक मामिला मे वांछित छओ अपराधी के गिरफ्तार कयलक।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।